



# Boca Raton Community Middle School

1251 N.W. 8<sup>th</sup> Street, Boca Raton, Florida 33486  
Telephone: 561-416-8700 Fax: 561-416-8777

Jude Hodgens, Asst. Principal  
Joyce Lochan-Pribell, Asst. Principal  
Emily Greene, Asst. Principal  
David Lawrie, A.P. Adult & Comm. Ed.

7 Dawout 2024

Chè paran ak gadyen timoun yo, Objektif kontra sa a se pou esplike kijan paran yo, elèv yo, ak anplwaye Boca Raton Community Middle School (BRCMS) yo pataje responsablite pou akonplisman akademik ak siksè elèv yo. Objektif akademik nou pou ane lekòl 2024-25 lan se:

1. Pou ogmante konpetans ELA de 6yèm-8yèm ane, nou pral konsantre sou konpreyansyon lekti nan divès tèks literè.
2. Pou ogmante konpetans Matematik de 6yèm-8yèm ane, lekòl nou an ap konsantre sou rezoud pwoblèm matematik ki reyèl nan mond lan.

## 2024-2025 TIT 1 KONTRA PARAN

**Kontra sa a dekri responsablite pataje ant lekòl la, paran/gadyen legal yo, ak elèv lan pou siksè.**

### Paran yo pwomèt:

1. M ap asire m pitit mwen an ale lekòl chak jou, yo prepare ak chita nan klas a pati de 9:30 A.M.
2. Asire w devwa yo fèt epi bay yon tan ak yon kote pou tan etid trankil nan kay la pou elèv lan.
3. Itilize tan siplemantè pitit mwen an pou li kapab fè on bagay pozitif.
4. Patisipe, jan sa apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit mwen an.
5. Sèvi, nan limit posib, nan gwoup konsiltatif règleman lekòl la (SAC) oubyen PTSA.
6. Bay yon anviwònman k ap pran swen, epi prepare pitit mwen an pou l aprann.
7. Ede pitit mwen chak jou pou satisfè responsablite li, tankou konplete devwa ak ankouraje konpòtman ki apwopriye.
8. Kontakte pwofesè pitit mwen an pa nòt, konferans, Imèl oswa apèl nan telefòn pou montre enterè.
9. Patisipe nan aktivite paran yo tankou "Tool Time" ak reyinyon paran yo.
10. Revize enfòmasyon ki nan jounal chak de semèn yo imèl lakay ou.

### Pwomès elèv la:

1. Mwen pral Montre respè ak kolaborasyon ak tout granmoun nan lekòl la.
2. Vini nan klas a tan ak prepare poum travay, ak tout materyèl ki nesèsè (chaje chromebook, kreyon).
3. Ranpli tout devwa nan manyè ou kapab fèl janw kapab fèl la.
4. Respekte dwa lòt moun pou aprann san deranjman.
5. Montre respè pou moun ak pwopriyete.
6. Soutni règleman Konduit Elèv la.
7. Pase tan chak jou nan etid ak lekti.
8. Bay paran mwen oubyen responsab tout avi ak enfòmasyon mwen resevwa chak jou.

### BRCMS Administrasyon, Fakilte ak Pwomès anplwaye:

1. Bay wo kalite kourikoulòm ak enstriksyon nan yon anviwònman aprantisaj ki bay sipò e ki efikas ki satisfè FL Standards.
2. Fè sesyon aprantisaj avèk parn yo tankou elèv yo tou "Tan Zouti", ak reyinyon pandan tout ane a.
3. Bay leson patikilye pou elèv ki nan bezwen.
4. Bay devlopman anplwaye nan elèv yo nan kilti pwofesè ak establi relasyon.
5. Bay paran yo konsèy sou kòman pou yo jwenn rapò sou pwogrè, kanè, ak nòt tès atravè siS/GATEWAY paran Portal.
6. Bay paran yo aksè rezonab pou anplwaye yo pou reyinyon yo pandan peryòd planifikasyon anplwaye yo, pwograme konferans paran / pwofesè, atravè imèl oswa telefòn pandan lè pwograme nòmal yo.
7. Bay enstriksyon yon fason ki pral motive ak ankouraje elèv yo.
8. Bay yon atmosfè ki an sekirite ak pozitif pou aprann.
9. Eksplike devwa yo yon fason pou elèv yo gen yon konpreyansyon klè.
10. Kontakte paran elèv yo atravè Imèl, konferans, rapò sou pwogrè, oswa apèl nan telefòn pou montre yon enterè aktif nan siksè elèv yo.

Sinyati paran

Date

Sinyati Pwofesè

Dat

Sinyati Direktris

Dat

Sinyati Elèv

Dat